

**ENDEMNIZASYON POU TI TAN KOUT (STC)
RANSEYMAN POU ANPLWAYE**

Ranseyman Jeneral

Pwogram Endemnizasyon pou ti tan kout (STC) se yon pwogram anplwayè volontè ki fèt pou ede anplwayè kenbe staf-yo lè yo redwi orè pa semenn pou anplwaye-yo, o lye ke yo kite moun ale pou yon ti tan, lè anplwayè genyen yon tan kote biznès-la slo. Si anplwayè ou etabli yon Plan STC e ke ou menm, anplwaye, repòn nan kalifikasyon pou etabli yon demand pou chomaj nan leta Florid, ouap resevwa yon chèk chomaj pasyel pou ogmante chèk salè ou kap pi piti.

Obligasyon Anplwayè

* Anplwayè-a bezwen plen yon yon aplikasyon pou Plan STC. Yon Plan STC ap dire pou yon ane mè li kapab renouvle si anplwaye-yo te retounen travay full-time pandan ane plan-a.

* O mwens 10% (pa mwens ke 2) nan anplwaye-yo nan tout staf total oubyen nan yon departman patikilye dwe travay yon orè ki redwi.

* Anplwayè-a dwe bay non-ou tankou yon anplwaye kap patisipe nan pwogram-la e li bezwen bay nou orè nòmal pou chak semenn (sof pou ovètime).

* Anplwayè-a dwè ateste ke yo genyen plan redwi orè-ou nan o mwens 10%, mè pa plis ke 40% de nomn nòmal nan orè travay-ou chak semenn.

* Sityasyon-a bezwen yon sityasyon tanporè, kap ranplase yo revoke moun pou yon ti tan.

Obligasyon Anplwaye

* Ou menm, anplwaye-a, bezwen travay full-time kounya, (pa part-time ou sezonye) ak yon kantite lè standa pou travay chak semenn (sof ovètime).

* Ou dwe satisfè tout kondisyon nòmal sa yo pou etabli yon demand pou chomaj nan Florid e ou dwe bay nou tout enfòmasyon oubyen dokimantasyon nesèsè.

* Pandan ke ou nan pwogram Endemnizasyon Pou Ti Tan Kout ou dwe travay e/oubyen resevwa konje peye pou TOUT lè-yo kote anplwayè-ou genyen ou nan orè pou ou kapab resevwa Benefis STC pou yon semenn.

* Chak de semenn ouap oblije rapote tout lè ke ou te travay, plis tout lè konje peye bay anplwayè STC ou e si ou genyen yon job part time, salè ou te fè nan job part-time sa-a.

KESYON AK REPONS

K. Kisa ki pral rive apre ke anplwayè mwen etabli yon Plan Endemnizasyon Pou Ti Tan Kout e mwen komanse travay yon orè redwi?

R. Anplwayè-ou pral bay ou yon fòm ki rele "Employee Application for STC" (aplikasyon pou anplwaye) / "Voluntary Withholding of Federal Income Tax" (Lajan ki kenbe volontèman pou taks). Plen fòm sa-a APRE KE OU KOMANSE TRAVAY ORE REDWI.

● Ou pral plen aplikasyon pou anplwaye, fòm pou lajan ki kenbe volontèman pou taks e, si nesèsè, yon "Supplemental Employee Application".

● Si ou pa yon sitwayen peyi Etazini, yon kopi devan dèyè grin kat ou, kat otorizasyon travay oubyen nenpòt lot dokimantasyon kap bay ou otorizasyon travay nan peyi-a, dwe tache ansanm ak aplikasyon anplwaye-a.

● Aplikasyon anplwaye-ou pral voye nan Departman STC nan Tallahassee pou egzekisyon.

● Anplwaye Departman STC-yo pral etabli yon demand pou chomaj pou ou.

● Si ouap plen yon nouvo demand pou chomaj, yap voye ou yon "Wage Transcript and Determination" (Transkripsyon Salè). Bagay sa-a ap montre ou: si ou kalifye pou yon demand chomaj, ki jan yo te detèminen demand ou, kantite lajan ouap resevwa chak semenn, kredi total ke ou gen disponib ak dat komansman e dat fen pou demand chomaj ou. **Revize transkripsyon salè pou tout fòt.** Fè anplwayè-ou konnen si genyen kèk fòt ki jwenn. Depatman STC ap avize pou yo korije fòt-yo.

● Pou komanse pwosede pèman yon **kat "Weekly Claim Certification" (kat atestasyon) ap voye nan anplwayè-ou pou ou kapab plen li.** Ouap rapote kantite lè ou travay pou chak semenn sou kat-la, di nou si ou te travay tout lè disponib ou non e rapote salè ki soti nan nenpòt ki lot anplwa ke ou kapab genyen.

● **Kat atestasyon-yo ap retounen nan departman STC pou egzekisyon.** Si ou kalifye, yon pèman pral fèt e ap voye nan adrès ou. Tout chanjman oubyen koreksyon adrès oubyen non kapab mande sou kat atestasyon-ou.

● Ap genyen plis kat atestasyon ki pral voye bay anplwayè-ou pou de semenn pwochenn yo.

K. Ki lè mwen pral resevwa premye chèk mwen?

R. A pe pre yon mwa apre ke ou komanse travay orè redwi oubyen a pe pre de semenn apre ke ou siye pou 2yèm semenn benefis-ou.

K. Eske mwen bezwen ale nan biro job ak benefis lokal?

R. Non, pandan ke ou patisipe nan pwogram STC tout bagay ap okipe nan kourye (abityelman a travè anplwayè-ou) nan departman STC nan Tallahassee.

K. Mwen pa yon sitwayen peyi Etazini, eske m'ap gen dwa resevwa benefis STC?

R. Wi, depi ke ou genyen otorizasyon travay nan peyi-a pou kounya e ke ou bay nou kopi dokimantasyon etranje-ou (devan ak dèye).

K. Ki jan mwen kalifye pou yon demand chomaj?

R. Pandan peryod de baz demand-ou (eksplikasyon-a pi ba) ou bezwen satisfè obligasyon monetè minimom swivant:

- (1) Te travay o mwens 2 trimès kalandriye,
- (2) Resevwa yon salè o mwens \$3,400
- (3) Genyen salè total pandan peryod de baz ou ki egal ou pi gran ke 1 fwa 1/2 salè ou te resevwa nan pi wo trimès-ou.

Epi tou, si ou travay ansanm ak anplwayè STC-ou pou mwens ke twa mwa, rezon pou separasyon nan anplwayè-ou anvan kapab afekte demand STC-ou. (Si yon diskalifikasyon enpoze pou tèt yon separasyon nan job ki rive anvan, ouap oblije genyen yon kantite lajan anvan ke ou kapab elijib pou resevwa benefis chomaj STC. Salè ou resevwa nan anplwayè STC-ou kapab itilize pou fini diskalifikasyon-a.)

K. Eske m'ap kapab sèvi ak salè yon lot anplwayè, yon anplwayè andeyò de leta, anplwa federal, oubyen anplwa militè pou etabli yon demand chomaj pou STC?

R. Wi. Not: salè ki soti nan yon anplwayè an deyò de leta kapab itilize selman si ou genyen kèk anplwa nan Florid pandan peryod de baz-ou.

K. Kisa ki peryod de baz mwen?

R. Peryod de baz-ou detèminen pa trimès kalandriye kote dat efektiv (dat komansman) demand chomaj-ou ap tonbe (gade sou tablo kap swiv). Nòmalman se yon dimanch. Not: trimès kalandriye konplete jis anvan dat efektiv demand-ou pa fè pati peryod de baz-ou paske ranseyman salè pa disponib nan men anplwayè-yo jis nan yon mwa aprè ke trimès kalandriye fini.

Dat Efektiv Demand-la Peryod de Baz

1/1/97 - 3/31/97	10/1/95 - 9/30/96
4/1/97 - 6/30/97	1/1/96 - 12/31/96
7/1/97 - 9/30/97	4/1/96 - 3/30/97
10/1/97 - 12/31/97	7/1/96 - 6/30/97



RANSEYMAN SOU ENDEMNIZASYON POU TI TAN KOUT POU

ANPLWAYE-YO



Endemnizasyon pou ti tan kout..
Yon altènativ pou pa kite moun ale nèt.

K. Ki jan Kantite Benefis mwen Pou Chak Semenn (WBA) detèminen?

R. Peryod de baz-ou divize nan trimès kalandriye. Pou detèminen WBA-ou nou itilize trimès kote ou te fè pi plis lajan. Lajan sa-a divize pa 26, kap bay ou WBA-ou (jis nan yon maksimòm ke lalwa mete).

K. Kisa "kredi disponib (AC) total" mwen ye e ki jan yo detèminen?

R. Kredi disponib total ou se kantite total lajan ke ou gen dwa resevwa pandan ane demand chomaj-ou. Li detèminen pa kantite salè total ke ou resevwa pandan peryod de baz-ou. Kredi disponib total-ou egal ak 25% de total ou resevwa pandan peryod de baz jiska yon maksimòm ke lalwa mete.

Egzanp: \$20,000 (salè total) X .25 (25%) = \$5,000 (kredi disponib total)

K. Konbyen semenn benefis STC mwen gen dwa resevwa?

R. Ou met resevwa jiska 26 semenn benefis STC pandan ane demand chomaj-ou.

K. Kisa ki ane demand chomaj mwen?

R. yon demand chomaj an èfè pou yon ane komanse nan dat demand-ou te komanse. Pa egzanp, si premye semenn orè redwi-ou te komanse le 3 novanm 1996, demand-ou tap an èfè pou jis nan dat 2 novanm 1997.

K. Ki jan ou detèminen konbyen benefis STC m'ap resevwa chak semenn?

R. Ouap resevwa yon pousantaj de WBA chomaj dapre valè pousantaj ke yo te pran nan orè redwi ou-a pandan semenn sa-a.

EGZANP:

Orè Nòmal - 40 Orè ke ou travay - 32

40 - 32 = 8 (orè redwi) 8 ÷ 40 = .20

\$200 (WBA) X .20 (20% rediksyon nan orè) = \$40 (Pèman STC)

K. Eske yap pran taks nan benefis STC mwen yo? Eske m'ap peye inkòm taks sou benefis chomaj STC mwen-yo?

R. Ouap genyen chwa genyen inkòm taks retire direktman nan benefis STC ou-yo. Nan fen chak ane n'ap voye ou yon deklarasyon 1099-G kap montre kantite benefis chomaj (ak tout benefis STC-yo) ke ou te resevwa pandan ane pase e tout inkòm taks ki te kenbe. Ouap rapote benefis ou te resevwa tankou yon salè adisyonel sou deklarasyon taks ou-yo.

K. Eske m'ap peye pou premye semenn orè redwi mwen?

R. Ou pap resevwa pèman pou premye semenn orè redwi-ou, sof si ou genyen yon demand chomaj kourant e ke ou gen tan genyen yon semen d'atant ki pat peye deja sou demand sa-a. Pou kalifye tankou yon semenn d'atant, semenn la dwe yon semenn pou kilès ou tap elijib pou resevwa benefis (STC, konplè oubyen pasyel). (ou pap janm resevwa pèman pou semenn d'atant sa-a.)

K. Eske lajan retrèt, sekirite sosyal oubyen salè ki soti nan yon job part time ak yon lot moun ke anplwayè STC mwen ap afekte pèman STC mwen yo?

R. Lajan retrèt ki soti nan yon anplwayè peryod de baz kapab afekte pèman STC ou-yo, yon detèminasyon pral fèt apre ke ou fè demand pou chomaj-ou. Sekirite Sosyal **pap** retire nan pèman STC ou-yo. Lajan ou resevwa nan yon anplwaye ki pa anplwayè STC-ou ap dedwi nan pèman STC ou-yo.

K. Sa ki rive si anplwayè mwen redwi orè mwen pou plis ke 40% pandan yon semenn?

R. Si salè total ou mwens ke Kantite Benefis Pa Semenn (WBA), ouap resevwa lajan pou chomaj konplè oubyen pasyel. Ouap rapote kantite lajan ke ou te resevwa pandan semenn nan men anplwayè STC-ou ak tout lot anplwa ke ou te kapab genyen pandan semenn sou Kat Atestasyon-ou. Depatman STC ap egzekite demand pou pèman sa-yo, si bagay sa-a rive pou mwens ke yon mwa. Pou peryod tan ki pi long yap fè ou konnen ke ou bezwen prezante ou nan biro job ak benefis lokal pou plen pou chomaj regilye.

K. Kisa ki pral rive si anplwayè STC mwen kite mwen ale nèt? Eske m'ap genyen benefis chomaj ki pral rete nan demand mwen?

R. Si anplwayè STC-ou kite ou ale nèt, ouap prezante ou nan biro job ak benefis lokal pou chanje demand-ou e mete li tankou yon demand pou chomaj regilye. Tout benefis STC oubyen regilye ke yo te peye bay ou pou tèt demand-ou ap gen tan dedwi nan kredi disponib total (jan li parèt nan "Transkripsyon e Detèminasyon Salè") me nòmalman ouap genyen lajan ki rete nan demand-ou. Ouap resevwa benefis chomaj regilye nan WBA konplè-ou.

K. Si mwen malad oubyen mwen pa travay pou rezon pèsone e anplwayè mwen genyen travay pou mwen, eske m'ap resevwa benefis STC pou semenn la?

R. Si ou pa peye pou time of-ou, ou pap resevwa benefis STC ou-yo pou semenn-la. Si ou nan konje peye orè konje peye sa-yo ap konsidere tankou lè ou te travay e pap genyen okenn penalti.

K. Ki jan jou ferye, vakans, konje maladi oubyen pèsone pral afekte benefis STC mwen-yo?

R. Tout lè konje peye rapote tankou lè ou te travay sou kat atestasyon-ou.